



# 'Project 10Million (P10M)' 2021-2022

## Akò Konsantman Paran/Gadyen



Akò sa a fèt ant Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid yo rele tou M-DCPS, Elèv la, ansanm ak Paran/Gadyen yo site nan paj 2 Akò a, e se yo tout ki patisipe ladan. Yo mete ("aparèy") sa a, ki ofri aksè entènèt, disponib pou elèv Jadendanfan-12èm Ane Eskolè nan M-DCPS ki elijib pandan enskripsyon yo nan M-DCPS e selon règ ak kondisyon ki dekri nan dokiman sa a sèlman pou objektif sèvis edikasyonèl nou ofri nan M-DCPS.

- Posesyon ak itilizasyon elèv la ap fè avèk aparèy sa a dwe fèt, toutan, selon règ ak kondisyon ki dekri nan dokiman sa a, ansanm ak tout lwa ak règleman eta ak federal ki aplikab, ki soti nan Machasuiv Komisyon Konsèy Lekòl 7540.03 – *"Student Responsible Use of Technology, Social Media, and District Network Systems"* (Itilizasyon Responsab Elèv Dwe Fè avèk Teknoloji, Medya Sosyal, ak Sistèm Rezo Distri a) ansanm ak tout machasuiv ak pwosedi ki aplikab nan M-DCPS. M-DCPS ka mete plis restriksyon sou itilizasyon ak posesyon elèv la fè avèk aparèy la, a nenpòt moman e pou nenpòt rezon, avèk oubyen san avètisman.
- Elèv yo dwe remèt aparèy yo bay M-DCPS lè yo pa enskri kòm elèv M-DCPS ankò; lè yo jwenn elèv yo te vyole machasuiv Komisyon Konsèy Lekòl la, lwa Eta ak Federal; lè M-DCPS egzije pou Elèv la remèt aparèy la; oubyen si elèv la pa respekte okenn nan obligasyon ki genyen nan Akò a. Elèv ki ap transfere soti nan yon lekòl M-DCPS pou ale nan yon lòt lekòl dwe remèt aparèy yo nan lekòl yo ye kounye a e yo ka aplike pou yon lòt aparèy nan nouvo lekòl la.
- Aparèy la ansanm ak kèlkeswa akseswa ki mache avè l (tankou kab elektrik la) se pwopriyete M-DCPS e yo ap toujou rete pwopriyete M-DCPS. Pakonsekan, elèv ak paran yo dwe pèmèt moun M-DCPS deziyen egzamine aparèy la nenpòt lè e pou kèlkeswa rezon an, sa gen ladan men sa pa limite ak enspeksyon, antretyen, reparasyon, amelyorasyon, e/oubyen enstalasyon pwogram. Si li resevwa lòd nan men nenpòt pwofesè, administratè, oubyen reprezantan yon administratè M-DCPS, pou kèlkeswa rezon an, elèv la oubyen paran/gadyen li dwe imedyatman remèt aparèy la bay pwofesè, administratè, oubyen reprezantan yon administratè. Ni elèv la, ni paran an pa gen okenn dwa prive sou kèlkeswa dokiman yo genyen nan aparèy la oubyen kèlkeswa rezo M-DCPS.
- Pou okenn rezon, elèv la pa dwe itilize oubyen pèmèt moun itilize aparèy la pou komèt okenn krim oubyen fwod, pou jwenn aksè, gade, oubyen transmèt pònografi oubyen kontni pònografik, chèche gen aksè sou enfòmasyon yon fason ilegal oubyen ki pa otorize, annuiye oubyen fè arasman (sa gen ladan arasman sou entènèt), aktivite malveyan sou entènèt (tankou pirataj enfòmasyon), oubyen nenpòt lòt kalite aktivite ilegal.
- Paran/Gadyen an bay konsantman li pou yo kolekte enfòmasyon pèsònèl sou elèv la an koneksyon avèk sèvis 'Project 10Million'. Paran/Gadyen an bay konsantman li pou T-Mobile kolekte done sa yo. Kontwòl kantite itilizasyon done entènèt gran vitès pou konpare li avèk 100 GB entènèt gran vitès gratis pa ane, ansanm ak adrès 'IP' ki asosye avèk sit entènèt elèv la vizite yo. Verifye aparèy ak rezo pou konfime aparèy la sou rezo a e pou ofri sèvis. Anplis, yo ka pataje done sa yo avèk founisè sèvis 'T-Mobile' la pou ede ofri sèvis la. Konektivite pèmèt timoun yo gen aksè sou sit entènèt ki pèmèt yon tyès-pèsòn kolekte done. Komisyon Konsèy Lekòl la pa responsab aktivite koleksyon done ki enplike yon tyès-pèsòn.
- Nenpòt vyolasyon ki fèt sou tèm ak kondisyon oubyen referans ki fèt nan dokiman sa a kapab lakòz restriksyon, sispansyon, oubyen anilasyon posesyon oubyen itilizasyon aparèy la, avèk oubyen san avètisman, selon diskresyon M-DCPS sèlman.
- M-DCPS pa gen okenn responsablite pou kèlkeswa materyèl elèv la te louvri nan itilize aparèy distri a ba li a. Paran ak Elèv, sa gen ladan moun ki eritye yo ansanm ak benefisyè yo dakò pou libere, dechaje pou toutan, asire, defann, e kenbe M-DCPS lib de kèlkeswa reklamasyon ki ka soti nan fason Elèv la oubyen Paran li te itilize, mal itilize, oubyen posesyon yo te fè de aparèy Elèv la te resevwa a selon Akò sa a ki gen ladan men ki pa limite ak kèlkeswa nati domaj ki fèt sou aparèy la.
- Elèv la ak paran li pa dwe fè okenn modifikasyon oubyen ajoute okenn atachman, oubyen pwogram sou aparèy la si yo pa resevwa yon pèmisyon ki klè nan men M-DCPS, yon pèmisyon se sèl M-DCPS ki ka bay li.
- Elèv la ak paran li dakò pou enfòmasyon anplwaye lekòl la imedyatman si aparèy la oubyen yon pati ladan ta pèdi, domaje, oubyen anpàn pou kèlkeswa rezon an. Elèv la ka resevwa yon lòt aparèy kòm ranplasman, si gen lòt.
- Atik sa yo, selon nati yo, fèt pou kontinye jis apre ekspirasyon anilasyon oubyen entèripsyon li. Sa ki dwe gouvène e entèprete Akò sa a se lwa Eta Florid paske kèlkeswa reklamasyon an li dwe fèt sèlman nan yon tribinal ki nan jiridiksyon ki gen konpetans pou sa nan Miami-Dade County. Tout pati yo dwe responsab pou frè ak peman pwòp avoka yo.



# 'Project 10Million (P10M)' 2021-2022

## Akò Konsantman Paran/Gadyen



Kèlkeswa sa ki nan akò sa a pa dwe entèprete kòm yon konsantman yon ajans oubyen sibdivizyon politik nan Eta Florid pou yon tyès-pèsòn ta fè yon aksyon an jistis kont sistèm lekòl la pou nenpòt sityasyon kote yon moun siyen yon kontra avèk sistèm lekòl la.

**Silvoupilè siyen paj sa a e remèt li bay lekòl la. Kenbe premye paj sa a nan dosye ou.**

\_\_\_\_\_  
Prenon Paran/Gadyen an (Enprime)

\_\_\_\_\_  
Non Paran/Gadyen an (Enprime)

\_\_\_\_\_  
Prenon Elèv la (Enprime)

\_\_\_\_\_  
Non Elèv la (Enprime)

\_\_\_\_\_  
Nimewo Idantifikasyon Elèv la

\_\_\_\_\_  
Klas Elèv la

\_\_\_\_\_  
Non Lekòl

\_\_\_\_\_  
Kòd Andwa Lekòl la

\_\_\_\_\_  
"Hotspot Serial Number" (Nimewo Seri pou Koneksyon Entènèt la)

- Mwen se paran/gadyen timoun ki gen non l site anwo a e mwen bay pèmasyon pou timoun nan patisipe nan pwogram "T-Mobile Project 10Million (P10M)".
- Mwen sètifye pitit mwen an ap patisipe nan Pwogram Nasyonal Repa Midi nan Lekòl yo e li pa gen aksè entènèt nan kay la, e pwogram 'Project 10Million' ap sèl sous aksè entènèt pou pitit mwen an lè li lakay.
- Pou pitit mwen an patisipe nan "Project 10Million", mwen dakò pou lekòl pitit mwen an transmèt enfòmasyon yo mande nan kòmansman fòm sa a, dirèkteman bay 'Project 10Million', ki pap itilize enfòmasyon sa yo pou okenn lòt rezon eksepte pou patisipasyon pitit mwen an nan 'Project 10Million' an e yo pap pataje enfòmasyon sa yo ak okenn lòt moun oubyen òganizasyon eksepte si lalwa mande sa.
- Mwen konprann pitit mwen an ap resevwa yon aparèy ansanm ak aksè entènèt pou bezwen akademik li. Mwen konprann pitit mwen an dwe obeyi ak Machasuiv Itilizasyon Akseptab distri a ak ansanm ak nenpòt lòt Pratik konsènan jesyon aparèy elektwonik. Mwen retire dwa mwen genyen pou m fè aksyon an jistis kont Lekòl Leta Miami-Dade County, 'T-Mobile' ansanm ak siksesè e benefisyè yo, nan sa ki gen pou wè ak "Project 10Million".
- 'Project 10Million' ansanm ak siksesè e benefisyè li gen pèmasyon m tou pou yo itilize foto pitit mwen an piblikman pou pwomote Pwojè a. Mwen konprann yo ka itilize imaj sa yo nan piblikasyon ki enprime, piblikasyon sou entènèt, sit entènèt, ak medya sosyal. Mwen konprann tou piblikasyon sa yo pap rapòte m okenn peman, frè oubyen konpansasyon.

Mwen li e mwen konprann tèm ak kondisyon Akò ki anwo a, e mwen dakò avèk tout tèm ak kondisyon ki ladan. Mwen sètifye tout enfòmasyon ki sou fòm sa a kòrèk, e mwen gen otorite pou m bay konsantman sa a.

Siyati Elèv la	_____	Dat	_____
Siyati Paran/Gadyen an	_____	Dat	_____
Telefòn	_____	Imèl	_____